Ассаламу гIалайкум!

# ЛъаратIа

ГАЗЕТА «ТЛЯРАТА»

ЛъаратIа районалъул газета

Газета биччала моцIида жаниб цо нухалъ.

№ 9
11 СЕНТЯБРЬ 2025 с.
* * *
РАБИГIУЛ АВАЛ 1447 х.
* * *
Багьа 10 гъ.

## ЛъаратIа райсобраниялъул иргадулаб сессия тIобитIана

### ЛъаратIа районалъул цIияв бетIер вищана



**Иргадулаб райсобраниялъул сессия тIобитIана ЛъаратIа райадминистрациялда. Гьениб депутатаз гьоркьоб лъуна районалъул бетIер вищиялъул суал.**

КIиабилеб сентябралда ЛъаратIа райсобраниялъул депутатаз тIобитIана иргадулаб сессия. Гьенир гIахьаллъана райсобраниялъул председатель Рамазан ГIалиев, районалъул бетIерасул ишал тIуралев Мурад Рамазанов, ЛъаратIа РОВДялъул начальник Ислам ХIажиев, районалъул прокурор Шамиль МухIамадов, райсобраниялъул депутатал, идарабазул бутIрул ва районалъул жамагIаталъул цо – цо вакилзаби. Рамазан ГIалиевас сессиялда гьоркьоб лъуна ЛъаратIа районалъул цIияв бетIер вищиялъул суал. Гьеб хъулухъалда кандидатура лъуна лъабго чияс. УСЗНалъул начальник СултIанмажид ШагIбановас, финансовияб отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIабасовас ва районалъул бетIерасул ишал тIуралев Мурад Рамазановас. Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна кинавниги 33 депутатас.

*Ахир 3 аб. гьум.*

## Лъайкьеялъул къо кIодо гьабуна

**ЛъаратIа тIоцебесеб сентябралда киналго школазда кIодо гьабуна лъайкьеялъул къо. Районалъул бетIер Мурад Рамазановги, финансовияб отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIабасовги ва гьел гурел цоги хIакимзабиги щвана ЛъаратIа Асильдар Сайпулаевасул цIаралда бугеб гьоркьохъеб школаялде, лъималазда ва мугIалимзабазул коллективалда лъайкьеялъул къо баркизе.**



ЦIалдохъабазда, гьезул эбел – инсуда ва мугIалимзабазда баркана районалъул бетIерас тIаде щвараб цIияб 2025-2026 абилеб цIалул сон. Мурад Рамазановасул рагIабазда рекъон, районалъул нухмалъиялъ кIудияб кIвар кьезе буго лъайкьеялда хурхараб хIалтIуе.

Мурад Рамазанов : **« Районалъул нухмалъиялъ кIвараб кумек гьабизе буго школазда ремонт гьабизе, хасало хинлъи чIезабизе ва киналго ахирисел хIукуматалъул тIалабазда рекъон школал цIалул соналде хIадур гьаризе. Нилъер лъималазул тIокIал батIиял тIалабал рукIине бегьуларо, гIицIго цIалиялде кIвар буссине ккола. Гьел шартIал райадминистрациялъ чIезаризе руго»** - ян абуна Мурад Рамазановас.



Гьединго районалъул нухмалъиялъ лъазабуна ЛъаратIа районалда 6 – 18 соналде щун лъималазе хIалтIи гьабизе байбихьун буго «Движение первых» абураб организациялъ. Гьеб къокъаялда жанире лъугьизе бегьулайила бокьарав цIалдохъан.

**« ГьабсагIаталда СВОялда гIахьаллъи гьабун, ВатIан цIунулеб буго нилъер районалдаса гIемерал гIолилаз. Нужер щиваз босизе ккола гьесдаса мисал ва ВатIан цIуниялде рокьи бижи гIолохъанаб гIелалъухъе кьезе хIалтIи гьабизе ккола нилъер киназго. Гьарула нужер киназего сахлъи, цIалухъ ва спорталда кIудиял бергьенлъаби».**

ЛъаратIа районалъул киналго школазда тIоритIана тIоцебесеб сентябралда лъайкьеялъул къо кIодо гьабурал линейкаби.

## УЧАСТКОВАЯ ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ ИЗБИРАТЕЛЬНОГО УЧАСТКА № 1408 ТЛЯРАТИНСКОГО РАЙОНА РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН

## РЕШЕНИЕ №21

*09 сентября 2025 года* *с. Ибрагимотар*

Решением Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Гиндибский» от 24 июня 2025 года № 6 на 14 сентября 2025 года назначены выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Гиндибский» седьмого созыва (далее - выборы). Голосование на выборах должно пройти 12, 13 и 14 сентября 2025 года.

Выборы проводятся по единому мажоритарному избирательному округу. Распределяется 11 депутатских мандатов. Организация подготовки и проведения выборов осуществляется участковой избирательной комиссией избирательного участка № 1408 (далее также - УИК № 1408).

Участковая избирательная комиссия № 1408 установила следующее.

Для участия в названных выборах выдвинулись 16 кандидатов. При этом, кандидаты Дибиров Курбан Магомедович и Хизбулаев Зейнудин Омарович 20 августа 2025 года отказались от дальнейшего участия в выборах. Регистрация этих кандидатов решением УИК № 1408 была аннулирована.

В выборах продолжали участвовать 14 кандидатов.

Впоследствии заявления об отказе от дальнейшего участия в выборах по собственному желанию, без вынуждающих обстоятельств подали еще четверо зарегистрированных кандидатов: Кудавасов А.М. - 25.08.2025, Магомедов Б.М. - 26.08.2025, Дибиров И.С. - 26.08.2025 и Курамагомедов М.О. - 27.08.2025. Их регистрация решениями УИК № 1408 также была аннулирована.

Таким образом, после выбытия указанных кандидатов на 11 распределяемых депутатских мандатов остались 10 зарегистрированных кандидатов, продолжающих участие в выборах.

В соответствии с частью 4 статьи 45 Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 г. № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» если ко дню голосования в одномандатном (многомандатном) избирательном округе число зарегистрированных кандидатов окажется меньше установленного числа депутатских мандатов или равным ему, голосование в таком избирательном округе по решению соответствующей избирательной комиссии откладывается на срок не более трех месяцев для дополнительного выдвижения кандидатов и осуществления последующих избирательных действий.

С учетом изложенного и руководствуясь частью 4 статьи 45 Закона Республики Дагестан «О муниципальных выборах в Республике Дагестан», Участковая избирательная комиссия № 1408,

**решает:**

1. Отложить на 23 ноября 2025 года голосование на выборах депутатов Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Гиндибский» седьмого созыва для дополнительного выдвижения кандидатов на выборах и осуществления последующих избирательных действий.
2. Направить настоящее решение в ТИК Тляратинского района.
3. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Тлярата».

**Председатель**
**УИК Избирательного участка**
**№ 1408**
**ОМАРОВ М.Х.**

**Секретарь**
**УИК Избирательного участка**
**№ 1408**
**ГУСЕЙНОВ М.К.**

## МИНИСТЕРСТВО ПО НАЦИОНАЛЬНОЙ ПОЛИТИКЕ И ДЕЛАМ РЕЛИГИЙ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН

*№ 17-2388-03/01-39/25* *«18 » июня _2025 г.*

**Главам МО**
**(по списку)**

Уважаемые коллеги!

Сообщаем вам, что по заказу Министерства по национальной политике и делам религий Республики Дагестан были изготовлены буклеты и листовки, направленные на усиление бдительности населения по предупреждению хищений, совершаемых бесконтактным способом.

В целях повышения осведомленности жителей вашего муниципалитета, мы направляем для распространения 270 экземпляров буклетов и 270 экземпляров листовок.

В добавок прилагаем ссылку на видеоролик, посвященный данной теме, который можно скачать и использовать в социальных сетях для информирования населения: Ссылка для скачивания https://cloud.mail.ru/public/toyH/gDqq9bnre.

Также просим вас подтвердить получение буклетов и листовок.

*Приложение:*
Буклеты - 270 экз.;
Листовки - 270 экз.

**Первый**
**заместитель министра**
**А.Д. МАХМУДОВ**

Исп. Магомедов М.М.
тел. 67-20-74

# ЦIунаги цIадул балагьалдаса

**ЛъаратIа районалъул НикIар ва СикIар росабазда аскIоб цIаги ккун бухIана гIага – шагарго 20 га рохьазул.**

Сентябралъул байбихьуда къаси кватIараб гIужалъ НикIар ва СикIар росабазда аскIоб рохьоб цIа рекIана. Лъалеб гьечIо сундасан ккарабали.

ЦIа ккараб бакIалда хадусеб къоялъ щвана МЧСалдаса 10 чи, лесопожаралъул централдаса 30 чи ва гьединго районалъул жамагIатги. Щибаб сельадминистрациялдасан анцI – анцI чи щибаб къоялъ хIалтIулел руго цIа свинабизе. АскIол ругел росабазе хIинкъи гьечIо. Гьеб лъугьа – бахъиналда хурхун райадминистрациялда тIобитIана совещание.

Гьениб МЧСалъул хIалтIухъабаз гIуцIана хасаб план ва гьелда рекъон хIалтIулел руго киналго чагIи. ЦIа ккараб бакIалда аскIоса гIебеде лъим гьечIо, мотоциклабазда баччулеб буго лъим. Гьаб сагIаталда цIа свинабун буго.

МЧСалъул хIалтIухъабазул рагIабазда рекъон, цIаккезе рес букIанила бокьараб жоялдаса, цIакъго багIарарал къоялги рукIун, бакъул бухIиялдаса сверун ккезеги рес бугила.



*спорт*

# Нилъерав лъабабилев

**Самбоялъул рахъалъ дагъисталъул халкъазда гьоркьосеб спартакиада тIобитIана августалъул 4 къоялъ.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер ракьцояв ДГПАялъул тIоцебесеб курсалъул студент Харада росулъа ХIамзат ГIалихазумовас. Кинабниги гьес бергьана лъабго дандчIвай ва мустахIикълъана лъабабилеб бакIалъе. ХIамзат ГIалихазумов гугарулев вуго МахIачхъалаялда ГъазимухIамад АхIмадовасул цIаралда бугеб « Спартак» спорткомплексалда. ХIамзат къецазда цеве вахъула ЛъаратIа районалдаса.

Гьединго ХIамзат ГIалихазумов вуго дзюдоистги. Сентябралъул 13-14 къоязда дзюдоялъул рахъалъ спартакиадаялдаги гIахьаллъи гьабизе буго гьес.

Баркула районцоязда, ХIамзатил тренер Шамиль ГIалиевасда ва цоги спорталдехун гIахьали бугел районцоязда ХIамзатил лъабабилеб бакI ва гьарула гьесие нахъе жеги кIудиял бергьенлъаби.



# ЛъаратIа райсобраниялъул иргадулаб сессия тIобитIана

## ЛъаратIа районалъул цIияв бетIер вищана



**Мурад Рамазанов:**

**«ХIурматиял депутатал ва ЛъаратIа районалъул жамагIат!**

**Баркала буго киназего дир кандидатураялъе гьаркьал кьеялъухъ, дида божи гьабиялъухъ. Дун гIицIго хъулухъалъе гIоло щварав чи гуро ножохъе. Дица кIвахI тун бажарараб хIалтIи гьабизе буго нилъерго район цебетIезабизе. Нилъер районалда руго токалъулги, нухазулги, лъайкьеялъул рахъалъги гIезегIан гьаризе ккарал хIалтIаби ва цере чIарал кIудиял масъалаби. Нилъеца цокIалалъ лъугьун районалъул нухмалъиялда цадахъ тIуразе ккола нилъер гIемерал суалал. Гьелъ нилъее кьезе буго рес район цебе тIезе ва гIумру – яшав лъикIлъизабизе».**

Мурад Рамазанов хIалтIулев вукIана республикаялъул бетIерасул кумекчилъун ва исана апрель моцIалдаса нахъе ЛъаратIа районалъул бетIерасул ишал тIуралевлъун.

Гьеб хъулухъалда Мурад Рамазановас хисана МухIамад ГIабдулаев. Гьев районалъул бетIерлъун вищун вукIана 2021 соналъул апрель моцIалъ.



*Байбихьи 1 аб. гьум.*

Гьеб къадар гIолеб букIана районалъул бетIер вищиялъул суал депутатазда цебе лъезе.

Рамазан ГIалиевас рагIи кьуна лъабавго кандидатасе ва гьез цере рахъун бицана жодорго программа ва районалъул бетIерлъун вищани, лъица щиб хIалтIи гьабизе бугеб ва кинал суалазе тIоцебе кIвар буссинабизе бугеб.

ТIоцере депутатаз гьаркьал кьуна Мурад Рамазановасул кандидатуралъе. Залалда гIодор чIарал киналго депутатаз гьаркьал кьуна гьесул кандидатураялъе. 33 депутатасул гьаракьги щун Мурад Рамазанов вищана районалъул бетIерлъун. Райсобраниялъул председателас ва депутатаз баркана Мурад Рамазановасда хъулухъ ва жамагIаталда цеве вахъун кIалъазе рагIи кьуна.

# Культурияб ва спортивияб рукъалъул хал – шал гьабуна

**ЛъаратIа районалъул нухмалъиялъ хал – шал гьабуна цо– цо учреждениязул кинаб ахIвал – хIал бугебали, ай хаслихълъиялде кинаб хIадурлъи бугебали. Гьединаб тIалаб буго хIукуматалъул. Щибаб учреждение хIадурун букIине ккола хаслихълъиялде. Жанисеб ремонт ва хинлъи цIуни букIине ккола чIезарурал тIалабазда рекъон.**

Районалъул бетIер Мурад Рамазанов, гьесул заместитель МухIамад МухIамадгIалиев, финансовияб отделалъул начальник МухIамад ГIабасов, ЖКХялъул нухмалъулев ГIабдулвагьаб Шарипов щвана 11 сентябралда ЛъаратIа культурияб нухмалъиялъул ва СултIан – ахIмад Ибрагьимовасул цIарасда бугеб спорткомплексалъул хал – шал гьабизе.

Гьенибго буго районалъул ДЮСШги.

Гьезул рагIабазда рекъон, кIудиял гIунгутIиял гьел учреждениязда гьечIо, гIицIго цо – цо бакIалда дагьабго ремонт гьабизе ккей гурони.

Мурад Рамазанов :

**« КигIан сахаб букIине буго гIун бачIунеб гIел, гьеб нилъеда бараб буго. Нилъеца шартIал чIезариялда. Культура ва спорт буго инсан лъугьинавиялъе хасаб бакI ккураб кIиго жо. Цоябги камун тезе бегьуларо. Спорталъул хIасилазда цадахъ кIвар кьезе ккола нилъеца культураялъеги. ГIадада гуро хIукуматалъ гьеб кIиябго рахъ цебетIезабиялъе кIвар кьолеб. Кинал хIасилал нилъер рукIине ругел? Гьеб кинабго гьаб кIиго учреждениялъул нухмалъулезда бараб буго».**

Районалъул нухмалъиялъ гьаруна цо – цо тIадкъаял хасало гьел учреждениязда хинлъи чIезабиялда хурхун.

Гьединал хал – шал гьабиял районалъул нухмалъиялъ гьарула киналго учреждениязда.





# Аварагзабазул тIабигIат

**Аварагас ﷺ азаралда ункънусго соналъ цебего асхIабзабазда бицун букIана, бачIине бугин цо заман, хIалимлъи-хIеренлъи гIадамаз хIинкъи-цIукIлъилъун, нич ва нахъе къай гIодобегIанлъилъун рикIкIунеб. Хирияв аварагас ﷺ азаралда ункънусго соналъ цебе бицараб жакъа нилъер бераздa баянго бихьулеб буго.**

Бусурбабазул хъизаназда эбелинсуда цебе лъималаз нечечIого бокьараб хабар бицуна, руччаби махIрамияв чи цадахъ гьечIого чияр бихьиналгун цо рокьор яги машинаялда рекIуна, шагьар тун къватIире сапаралъ рахъуна.

Хирияв Аварагас ﷺ асхIабзабазде амру гьабуна: «Нуж ТIадегIанав Аллагьасдаса неча», - ян. АсхIабзабаз жаваб гьабуна: «Я, Бичасул аварагъ, ниж Аллагьасдаса нечола, нижеца Гьесие реццги гьабула», - ян. Цинги, Аварагас ﷺ абуна: «КIалалъ бицараб жо ничлъун букIунаро, хIакъикъаталда, Аллагьасдаса нечолев чияс жиндирго пикраби хIарамалдаса цIунула, чехь хIарамаб жо жаниб ккеялдаса цIунула, хвалилги, хабал гIазабалъулги пикруги гьабула, дунялалъул берцинлъабиги рехун тола», - ян.

Цо нухалда Аварагас ﷺ черх чурулев чиясда аскIосан унаго абуна: «Ле, гIадамал! ХIакълъунго, Аллагь чIагояв, кинабго бихьулев, гIадамазул гIайибал рахчулев вуго. Гьединго, щивав чиясда тIадаб буго нечолевлъун, мунагьал рахчулевлъун вукIине. Нужер цонигияс черх чурулеб мехалда гIадамазул бераздаса рикIкIалъе», - ян.



Гьанже хал гьабеха, диналъул вацал, риидал нилъер шагьаралда ралъдал рагIалде ччугIби гIадин ран рукIунел гIадамазухъ. Кин гьезда кIочонеб гьел хIарамалда, гIадамазул берзукь рукIин ва бокьараб мехалда Аллагьасул ﷺ къадар тIаде щвезе рес букIин.

Аварагас ﷺ хIадисалда абулеб буго: **«Нич иманалдаса буго, иман алжаналда букIине буго, нич гьечIолъи хъачIлъиялдасан буго, хъачIлъи жужахIалъуб букIине буго»**, - ян.

Абу Аюбил Ансарияс бицараб хIадисалда буго: **«Ункъо жо буго киналниги аваргзабазул нухлъун жиб бугеб: берцинаб махI гьаби, чIужу ячин, сивак бахъи, рекIелъ нич букIин»**, - ян.

Жеги Аварагас ﷺ абулеб буго: **«ХъачIлъиялъ инсанасда ругьун лъола, ничалъ инсан берцин гьавула»**, - ян.

Абу Лайс Самаркъандияс хъвалеб буго: «Нич кIиго батIияб буго: цо дудаги гIадамаздаги гьоркьоб бугеб, цогидаб Аллагьасдаги дудаги гьоркьоб бугеб. Дудаги гIадамаздаги гьоркьоб бугеб нич, дуе хIарам гьабураб бакIалдаса берал цIуни буго, Аллагьасдаги дудаги гьоркьоб бугеб нич, гьес дуе кьурал нигIматал лъай, гьесие гIасилъиялдаса цIуни буго», - ян.

Салману Фарисияс абуна: «Дие Аллагьас лъабго нухалъ рухI бахъун, лъабго нухалъ чIаго гьавизе бокьила, цонигиясул гIавраталда бер речIчIиялдаса, яги цонигиясда дир гIаврат бихьиялдаса», - абун.

Жинда свалат-салам лъеяв ГIиса аварагас абуна: «Нуж хIарамаб балагьиялдаса цIуне, хIакъунго, гьелъ рекIелъ шагьват бижизабула ва инсан питнаялдеги вачуна», - ян.

Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица абуна: **«Дун Хирияв аварагги, дир эмен Абубакар-асхIабги вукъараб рокъоб, ратIлилъ цо дагьай чучго йикIунаан. Щайгурелъул, гьел дие махIрамиял рукIиналъ. Амма гьезда аскIов ГIумар-асхIаб вукъидал, дун кутакалда юхьа-къан гурони гьеб рокъое лъугьинчIо, ГIумар-асхIабасдаса нечон»**, - ан.

ХIусенил вас ГIимраница бицараб хIадисалда хирияв Аварагас ﷺ абулеб буго: **«Нич лъикIлъиялдалъун гурони бачIунаро»**, - ян. Жинда Аллагь ﷺ разилъаяв Ибну ГIаббасица бицана: «Иманги ничги цо бухьеналда буго, гьезул цояб ани, гьелда хадуб цогидабги уна», - ян.

**АхIмад МУХIАММАДОВ**
*(Ассалам газеталдаса босараб)*

# Налъул «инфляция» тIалаб гьабизе бегьулищ?

**Кутакалда унтараб суал ккола налъи. Гьеб берцинго нахъе кьолев чиги цIакъ къанагIат гурони дандчIваларо. Аварагас ﷺ хIинкъи кьуна налъи кьоларев чиясе, ай гьесие гIазаб букIунинги абун. Аварагас ﷺ жаназадул как базегIан цебе цIех-рех гьабулаан налъи бугищали. Налъи батани, Аварагас ﷺ абулаан нужецаго как байин абун. Гьединаб мехалда асхIабзабазул цояс тIаде босулаан гьеб чиясул налъи бецIиялъул ишги. Гьеб мехалда Аварагас ﷺ жаназадул какги балаан.**

ТIадегIанав Аллагьас ﷺ Аварагасе ﷺ бергьенлъи кьун хадуб, байтулмал цIикIкIана. Гьединаб мехалда Аварагас ﷺ абулаан налъи тIад букIун хварав чи ватани, жинца бецIилин абун.

ЦIодорал чагIаз цIакъго хIажат ккедал гурони налъи гьабуларо. Жакъайин абуни бер къапичIого гьабула налъи. Гьелда гьорлъе ккола кредитги. Гьебин абуни буго бищун кIудияб балагь.

Ахирал соназда инфляцияги ккун, гьурщил къимат гIодобе ккана. Гьединаб мехалда суалалги гIемерлъула налъи нахъе кьезе заман щун букIиналда бан.

Масала, пуланав чияс налъуда босана 10 000 гьурущ. Гьеб босулеб заманалда гьурщил къиматги букIана, ай долларалда дандеккун. Нахъе буссинабулеб мехалда гьурщил къимат гIодобе ккана. Щибха гьабилеб?

Гьединаб заманалда налъи босарас гьеб нахъе кьола, ай добго къадаралда рекъон. Налъуда гIарац кьун букIаравин абуни разиго вукIунаро.

ШафигIияб мазгьабалъул гIалимзабазул рагIиялда бан, чияс нахъбуссинабула босун букIараб гIарцул къадар, ай инфляциялъухъ балагьичIого. ГIарац кьурас кири гьабула, щайгурелъул гьесда бичIчIула кинаб хIинкъиялде гьоркье налъулав ккезе бегьулебали.

Мисалалъе, 10 000 гьурущ босани, 10 000 нахъбуссинабула. ЦIикIкIун кьейин абизе итиярги гьечIо гьесул, налъуда гIарац босун букIарас тIаде кьун гурони. Суннатаб буго цIикIкIун нахъбуссинабизе. Жабир ибну ГIабдуллагьица абуна: «Цо нухалъ дун Аварагасухъе ﷺ щвана мажгиталда гьев вукIаго ва гьес дида абуна: «Суннатаб какил кIиго ракагIат бай», - ян. Аварагас ﷺ дир налъи тIадбуссинабизе кколаан. Какдаса хадуб налъи бецIана, хIатта цIикIкIунги кьуна». (Бухари - 2394, Муслим - 715)

Имам Бухарияс Жабиридасан бицараб цогидаб хIадисалда буго: **«Сапаралда рукIаго дица Аварагасе ﷺ варани бичана. Мадинаялде щведал Аварагас ﷺ абуна мажгиталде вачIайин ва кIиго ракагIаталъул какги байин абун. Хадуб Аварагас ﷺ дие кколеб къадар кьуна, жеги тIаде цIикIкIинеги гьабуна»**, - ян. (Бухари - 2604)

Абу Гьурайратидасан бицана: «Аварагас ﷺ цоясе кьезе ккола варани. Цо нухалъ гьев чи вачIана ва Аварагасдаса ﷺ налъи тIалаб гьабуна. Аварагас ﷺ абуна гьесие варани кьеян. Гьез балагьулеб букIана гьединабго варани, амма соназ кIудияб гурони батичIо. Аварагас ﷺ абула, гьеб варани кьейилан. Дов чияс абула: «Дуца тIубанго кьуна», - ян. Гьеб мехалда Аварагас ﷺ абула: **«ХIакълъунго, нужер бищун лъикIал ккола бищун лъикIаб куцалда налъи кьолел»**, - ян. (Имам Бухари - 2306)

Цоги, жакъа бугеб унти буго рес бугониги гIарац нахъе кьунгутIи. Абу Гьурайратидасан бицараб хIадисалда буго: **«Рес бугев чияс налъи кьечIого цIа-цIазаби зулму гьаби ккола»**, - ян. (Бухари, Муслим)

Нилъеда лъазе ккола Аварагас ﷺ рес къотIидал гурони налъи гьабулеб букIинчIеблъи ва заман щведал тIадги буссинабулеб букIараблъи.

Аллагьас ﷺ тавпикъ кьеги Аварагасдаса ﷺ мисал босизе.

**Шамил МУХIАММАДОВ**
*(Ассалам газеталдаса босараб)*

*Лъималазе цIале*

## ЮСУПИЛ ДАРАН

Цо нухалъ эбелалъ витIун базаралдаса кванил нигIматал росун рокъове вачIунаго Юсупил хIукму ккана мадугьалихъ бугеб тукада токалъул цIадирабазда лъун, хIакъикъаталдаги жинцаго босарабталда букIине кколеб цIайи бугищали балагьизе. Щибаб килограммалдаса мухIканго нус-нус грамм камизабун батидал Юсуп битIахъе хаган хутIана. ГIаммаб къагIидаялъ хIисаб гьабидал гьесие 329 гьурщил рекIкI гьабун бугоан! Эбел ягъилин хIинкъун вукIаниги, гьес жиндирго ккараб гьелда бицана. Амма эбелалда гьеб кигIан дагьабниги рекIеда бачIо, гьелъул гIаксалда гьей йохизецин йохана. ХIатта ричарухъабазда Юсупил цицин бахъун бихьидал, эбелалъ гьесда абуна: «Балагьея, дир вас, дие бокьун буго гьезие ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе. Гьез, гьаб дунялалда нилъее хIажатал кванил нигIматал ричи гурегби тIаде росана КъиямасеБ къоялъ жидерго лъикIал гIамалалги нилъее кьезе, нилъер мунагьалги жидедего росизе. Гьаб кIкIарадул кваркьиялъулгIан Аллагьасе къимат гьечIеб дуньялалда нилъецаги кин бугониги бетIербахъи гьабила, гьеб 320 гьурущ гьечIого. Амма доре щведал кигIанха нилъее хIажалъилел нилъер мунагьал жидедего росулел, гьезухъ хисун нилъее жидерго лъикIал гIамалал кьолел! РекIелъе биччаге, Юсуп, МахIшаралда киналго дандчIвалеб къо цебе бугелъул. Доба цIакъго ГIадилав Ханас суд гьабизе буго киназего, щибаб рагIиялъухъ, гIамалалъухъ, заррагIанасеб гьоркьоб течIого».

Эбелалъ васасе Аварагасул (гI.с.с.) хIадисги бицана: «Цо къоялъ Аварагас (гI.с.с.) жиндирго асхIабзабазда гьикъун буго: «Нужеда гьоркьов чIового хутIарав щив?», - илан. АсхIабзабаз жаваб кьола: «Я Аллагьасул Расул, нижеда гьоркьов чIового хутIарав вуго жиндир я динар, я диргьам гьечIев». «Гуро, ян абуна Аварагас (гI.с.с.). - ЧIового хутIарав вуго жинца цогиясул ракI бакъвазабурав, яги цогияв жинца гуккарав чи. Къиямасеб къо-ялъ гьев чи гьасухъе жиндирго налъиялда хадув вачIуна, гьасухъги гьесие кьезе я диргьам, я динар букIунаро ва гьес жиндирго лъикIал гIамалал кьезе ккола. ЛъикIал гIамалал лъугIидал, гьесда лъола дол гьас гуккарал гIадамазул мунагьал».

Гьедин, цогидал гуккун щвараб гIарац кибе арабали лъачIого уна. Ахираталда жавабги кьезе ккола.

Учредитель: Администрация МР «Тляратинский район»
Главный редактор: Р. А. Раджабов
Мнение редакции не всегда совпадает с мнением авторов. За цифры, факты и другие сведения в статье ответственность несет сам автор.
Адрес редакции и издателя: 368420: РД, Тляратинский р-н, с.Тлярата, ул. Шамиля, 26
Газета перерегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Рег. № 0106
Газета набрана и сверстана в редакции газеты "Тлярата" Тираж 1100 экз. Индекс: 51372. Цена 10 рублей.
Отпечатано в ООО "Дом печати" по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
Время подписания в печать: по графику: 19.00; фактически: 19.00.
Подписано в печать 11. 09. 2025 г.
Заказ ___________